**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–03.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत आइ पच्चीस लाख महिला लाभार्थी सभक बैंक खाता मे दस–दस हजार टाकाक राशि अंतरित कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रत्यक्ष लाभ अंतरणक माध्यम सँ कुल दू हजार पाँच सय करोड़ टाकाक राशि हस्तांतरित कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री राज्यक विभिन्न भाग सँ वीडियों कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यमे लाभार्थी सभ सँ गपशप सेहो कयलनि। ओ कहलनि जे एहि योजनाक उद्देश्य स्वरोजगार आ छोट व्यवसाय चलेबा मे रूचि रखएवाली महिला लोकनिकेँ वित्तीय सहायता प्रदान करब अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी छब्बीस सितम्बर के एहि योजनाक वर्चुअल माध्यम सँ शुभारंभ कयने छलाह। ओहि अवसर पर पचहत्तरि लाख महिला लाभार्थी सभक बैंक खाता मे दस–दस हजार टाका हस्तांतरित कयल गेल छल।

---

राज्य सरकार राज्यकर्मी आ पेंशनभोगी सभक महंगाई आ राहत भत्ता मे तीन प्रतिशतक वृद्धि कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल। आब राज्यकर्मी आ पेंशनभोगी सभ के एक जुलाई के प्रभाव सँ अंठावन प्रतिशत महंगाई भत्ता भेटत। राज्य मंत्रिमंडल एक आन निर्णय मे स्कूल छात्र–छात्रा सभ के भेटएवला छात्रवृत्ति के राशि दूगुना कऽ देलक अछि। आब कक्षा एक सँ चारि धरिक छात्र–छात्रा के बारह सय टाका, कक्षा पाँच सँ छओ धरिक छात्र–छात्रा सभ के चौबीस सय छात्रवृति भेटत। ओतहि कक्षा सात सँ लऽकऽ दसवीं धरिक छात्र–छात्रा सभ के छत्तीस सय टाकाक राशि भेटत।

---

बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी सभक समीक्षाक लेल मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार के नेतृत्व मे चुनाव आयोगक टीम काल्हि दू दिवसीय दौरा पर पटना आओत। आयोगक टीम चुनावक तैयारी सभ के लऽकऽ वरिष्ठ अधिकारी लोकनिक संग समीक्षा बैसक करत। एहि दरमियान विभिन्न राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभ सँ विचार–विमर्श होयत।

संगहि चुनाव आयोगक टीम प्रदेशक विभिन्न भागक दौरा सेहो करत। एम्हर, मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार बिहार विधानसभा चुनाव सहित देशक आन भाग सभ मे कराओल जा रहल उप–चुनावक लेल नवनियुक्त पर्यवेक्षक सभक संग उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। एहि बैसक मे चारि सय पच्चीस सामान्य, पुलिस आ व्यय प्रेक्षक सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————

बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्थित आवास पर पार्टी नेता लोकनिक संग बैसक कयलनि। बैसक मे पार्टीक संभावित उम्मीदवार सेहो सम्मिलित छलाह। हमर संवाददाता जनौलनि जे एहि बैसक मे मुख्य रूप सँ चुनावी रणनीति, प्रत्याशी चयन आ क्षेत्रवाद समीकरण पर चर्चा कयल गेल। संगहि मुख्यमंत्री सरकारी योजना सभ के लऽकऽ पार्टी नेता आ कार्यकर्ता सभ सँ फीडबैक लेलनि आ हुनका सँ विभिन्न योजनाक जनतब आम लोकनि धरि पहुंचेबाक अपील कयलनि।

———————————————————————

खगड़ियाक परबत्ता सँ जदयू विधायक संजीव कुमार आइ राजद मे सम्मिलित भऽ गेलाह। गोगारी मे आयोजित कार्यक्रम मे राजद जिलाध्यक्ष हुनका पार्टीक सदस्यता दिऔलनि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव संजीव कुमार कैँ पार्टी मे सम्मिलित होयबाक स्वागत कयलनि अछि। आई पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे सत्तारूढ गठबंधन के कतेको आन नेता सेहो राजद मे सम्मिलित होयबाक इच्छुक छथि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक मासिक रेडियो कार्यक्रम मन की बात आइ अपन एगारह वर्ष पूरा कऽ लेलक अछि। मन की बातक पहिल एपिसोड तीन अक्टूबर दू हजार चौदह कऽ विजयादशमीक अवसर पर प्रसारित कयल गेल छल। हालहि मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि कार्यक्रमक एक सय छब्बीसम एपिसोड मे राष्ट्र के संबोधित कयलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे पछिला दू दिन सँ थमि–थमि कऽ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग आइ कैमूर, रोहतास आ गयाजी जिला मे अति भारी वर्षा के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक

अछि। ओतहि बक्सर, भोजपुर, औरंगाबाद, सीवान, सारण आ गोपालगंज जिला मे भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

पूर्णियां जिलाक कसबा रेलवे गुमटी लऽग वंदे भारत ट्रेनक चपेट मे अयबा सँ दू युवकक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, दू आन युवक कैँ गंभीर स्थिति मे स्थानीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।